Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2024 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL MANDE POU MONTE DRAPO YO A DEMI MA POU ONORE ANPLWAYE OTORITE THRUWAY ETA NEW YORK VINCENT GIAMMARVA

Drapo yo pral flote a demi ma 13 me jiska antèman

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a drapo sou bilding eta a yo pral flote a demi ma apati solèy leve 13 me jiska antèman pou onore anplwaye Otorite Thruway Eta New York Vincent "Vinny" Giammarva, yon Operatè Ekipman Konstriksyon Lou nan Seksyon Antretyen Henrietta, ki te blese mòtèlman nan yon zòn travay nan vil Chili nan dat 9 me.

"Kè nou avèk fanmi Giammarva a pandan yo nan lapenn akoz pèt mari ak papa yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Travayè thruway nou yo merite koutwazi nou antanke chofè – lavi yo depann de nou. Nouyòkè yo ta dwe rete vijilan, ralanti epi mete yo akote lè y ap apwoche yon zòn travay."

Vinny Giammarva te yon anplwaye 19 ane nan Otorite Thruway Eta New York la. Li kite dèyè madanm li, de pitit ak anpil lòt moun pwòch.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU